



**Kominike pou laprès
Pou piblikasyon tousuit**

Grahn-Monde ap anonse kreyasyon ofisyèl Fon Larsen-Passé ki ap soutni fòmasyon pwofesyonèl an Ayiti

Montréal, Canada, 1er jen 2022 - Nan kad pwojè PIGraN, Cité du savoir ki ap dewoule nan lokalite Genipailler, twazyèm seksyon kominal nan komin Milot, Ayiti, enjenyè Émond Passé ak doktè Marie-Andrée Larsen-Passé te antann yo pou yo kreye yon Fon pou soutni fòmasyon pwofesyonèl ki pote non Larsen-Passé. Fon sa pral soutni fòmasyon pwofesyonèl e teknik pou jèn ki ap viv nan komin Milot ak zòn ki tou prè li yo.

Gen yon lekòl fòmasyon pwofesyonèl e teknik ki pral konstui nan menm espas lekòl ki nan Cité du savoir. Annatandan konstriksyon lekòl sa a, gen yon premye kowòt jèn ki deja ap suiv kou sou plizyè metye konstriksyon. Premye fòmasyon sa yo fèt an plizyè modil ki pral pèmèt jèn yo jwenn yon diplòm CAP (Certificat d'Aptitude Professionnelle) ki koresponn a 900 è fòmasyon teyorik epi pratik.

Se Fondasyon Québec-Ayiti pou yon edikasyon inivèsèl ki gen kalite (QHASUC), ki chita nan Montréal, ki pral jere Fon Larsen-Passé ki ap soutni fòmasyon pwofesyonèl an Ayiti. Premye kòb ki nan Fon sa a se 100,000\$ ke doktè Marie-Andrée Larsen Passé ak enjenyè Émond Passé ki mete l ladan li. Toulede moun sa yo ap viv nan Montréal e yo se manm GRAHN. Premye kòb sa ak tout lòt montan ke yo ta vin mete sou li, yo pral plase yo nan yon veyikil finansye ki pa gen gwo risk, konsa se sèl benefis ki fèt sou plasman sa a chak ane ki pral finanse aktivite fòmasyon pwofesyonèl nan Cité du savoir. GRAHN-MONDE se òganism ki resevwa don ki fèt pou rasanble kapital fon sa a.

Fon sa pral finanse aktivite sa yo, ak anpil lòt :

- Bous etid pou sipòte pwogram fòmasyon elèv ki pa gen mwayen pou peye etid yo;
- Depans pou staj elèv;
- Kreyasyon pwogram fòmasyon
- Acha materyèl, ekipman, lojisyèl ak liv pou soutni fòmasyon elèv.

Nou pwofite okazyon sa pou nou remèsye chalerezman doktè Marie-Andrée Larsen-Passé ak enjenyè Émond Passé pou gwo soutyen sa yo ki pral ede anpil jèn ki ap viv nan zòn riral ak zòn defavorize nan peyi Dayiti.

Sa pou nou konnen sou GRAHN

GRAHN se yon òganizasyon mondyal ki ap fè yon travay sitwayen, li vle kontribye nan rezoud pwoblèm an Ayiti pandan li ap poze aksyon ki chita sou refleksyon ki byen reflechi. Li se yon mouvman sitwayen, ki pa patizan, ki oryante vè konstriksyon yon Ayiti tou nèf, yon Ayiti ki fonde sou dwa, pataj, solidarite, edikasyon, respè anviwònman ak pwomosyon pou byen ki pou tout moun.